



**ADRÈS AK KALANDRIYE POU VOTE PI BONÈ POU
ELEKSYON PRIMÈ AK ELEKSYON ESPESYAL 23 DAWOUT YO NAN VIL MIAMI**

Vote pi Bonè pou Eleksyon Primè 23 dawout 2022 ak Eleksyon Espesyal Vil Miami yo pwograme pou sit, dat ak lè yo deziyen anba a. Votè ki enskri nan Vil Miami yo ka chwazi pou yo vote nan nenpòt nan sit pou vote pi bonè yo nan dat ak lè yo louvri.

DAT	ORÈ
Lendi 8 dawout 2022	7:00 a.m. rive 3:00 p.m.
Madi 9 dawout 2022	7:00 a.m. rive 3:00 p.m.
Mèkredi 10 dawout 2022	7:00 a.m. rive 3:00 p.m.
Jedi 11 dawout 2022	7:00 a.m. rive 3:00 p.m.
Vandredi 12 dawout 2022	7:00 a.m. rive 3:00 p.m.
Samdi 13 dawout 2022	8:00 a.m. rive 4:00 p.m.
Dimanch 14 dawout 2022	8:00 a.m. rive 4:00 p.m.
Lendi 15 dawout 2022	11:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Madi 16 dawout 2022	11:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Mèkredi 17 dawout 2022	11:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Jedi 18 dawout 2022	11:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Vandredi 19 dawout 2022	11:00 a.m. rive 7:00 p.m.
Samdi 20 dawout 2022	8:00 a.m. rive 4:00 p.m.
Dimanch 21 dawout 2022	8:00 a.m. rive 4:00 p.m.

Pandan peryòd Vote pi Bonè a, ou ka vote nan nenpòt sit Vote pi Bonè atravè Konte a. Pou w jwenn yon lis lokal Vote pi Bonè atravè Konte a, vizite: <https://www.miamidade.gov/global/elections/home.page>

TANPRI NOTE KE YO PAP UTILIZE MERI VIL MIAMI KÒM YON SIT VOTE PI BONÈ AKOZ KAPASITE LIMITE LI POU RESEVWA GWO PATISIPASYON YO ESPERE POU ELEKSYON PRIMÈ AK ELEKSYON ESPESYAL 23 DAWOUT 2022 VIL MIAMI YO. YO VA UTILIZE GARAJ ISTORIK (HISTORIC GARAGE) KI SOU MENM PWOPRIYETE KI TE ANSYEN MIZE SYANS LAN KÒM YON SIT RANPLASMAN (GADE ANBA LA A*).

Sit Vote pi Bonè ki nan Vil Miami gen ladan sa ki annapre yo:

SIT VOTE PI BONÈ KI NAN VIL MIAMI
*Garaj Istorik (Historic Garage), 3250 South Miami Avenue, Miami, FL 33129 (Li sou menm pwopriyete ki te ansyen Mize Syans la pandan w ap antre sou men dwat)
Lemon City Branch Library, 430 NE 61st Street, Miami, FL 33137
Stephen P. Clark Government Center, 111 NW 1st Street, Miami, FL 33128 (Biwo Sikisal Depatman Eleksyon Miami-Dade la nan Lòbi a)

Va gen yon estasyon resepsyon bilten vòt (Bwat pou Lage Bilten Vòt pou Vote pa Lapòs) ki disponib epi va gen pèsònèl nan chak lokal Vote pi Bonè yo pandan orè fonksyonman yo.

Lè w ap vote nan kèlkeswa kote a, keseswa nan yon adrès pou Vote pi Bonè oswa nan Jou Eleksyon an, asire ke ou pote yon pyès idantite ki ajou ak valid ki gen non ou, foto ou ak siyati ou sou li. Pandan li pa obligatwa pou pote kat enfòmasyon votè ou nan biwo vòt la, li va ede ou pase pi vit.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Biwo Grefye Minisipal Vil Miami an nan Clerks@miamigov.com, 305-250-5361 oswa <http://miamigov.com/elections>